

---

# Jesyon Blesi Annijans pou Pwofesyonèl Medikal

---

*(REMAKE: Al gade tou nan Swen Blesi Annijans apre yon Dezas Natirèl)*

Risk pou moun blese pandan yon dezas natirèl ak apre dezas la wo anpil. Tetanòs se yon risk sante ki ka rive moun ki gen blesi. Tetanòs se yon kondisyon toksik grav, ki souvan ka fatal; men avèk vaksen, yo ka anpeche l mete pye a 100%. Nenpòt blesi oswa lagratèl gen posiblite pou yo enfekte e se pou yon pwofesyonèl medikal evalye yo leplito ke posib.

Prensip sa yo ka ede jere blesi e yo ka ede anpeche yo fè anpitasyon. Lè gen dezas inondasyon, pa gen anpil resous. Lè w suiv etap debaz sa yo sou kouman pou jere blesi, sa ka anpeche plis konplikasyon medikal prezante.

## Evalyasyon

- Asire w ke zòn nan san danje pou w sa al bò kote pasyan an, e ke si nesèsè, otorite yo (lapolis, ponpye, ofisye defans sivil) sekirize zòn nan anvan w fè yon evalyasyon pou pasyan an.
- Obsève prekosyon inivèsèl yo, lè sa posib, pandan wap patisipe nan tout aspè swen blesi a.
- Mande pasyan an pou l bay detay konplè sou sa k rive l la, epi fè yon egzamen apwopriye pou elimine domaj anplis.

## Tretman

- Fè yon presyon dirèk sou nenpòt blesi kap senyen pou kontwole emoraji. Yo pa rekòmande pou w sèvi ak tonnikèt souvan paske yo ka diminye vyabilite tisi.
- Egzamine blesi yo pou wè si yo pa gen gwo kontaminasyon, si yo pa gen tisi ki devitalize, e si yo ba gen objè ki antre ladan yo.
- Retire bag ki sere dwèt ou oswa lòt bijou ki sou pati nan kò a ki gen blesi a.
- Netwaye periferi (pati sou deyò) blesi a avèk savon e ak dlo esterilize oswa avèk solisyon ki disponib, epi administre anestezi ak analjezik depi sa posib.
- Rense blesi a avèk solisyon saline avèk yon zegwi ki gen gwo twou e ak yon sereng. Si pa genyen, itilize dlo ki nan boutèy.
- Kite blesi, mòde ak piki ki kontamine yo, louvri. Blesi ki koud nan yon anviwònman ki pa esterilize, oswa blesi ki pa netwaye, ki pa rense, e ke yo pa debride kòmsadwa, gen gwo risk pou enfeksyon akòz kontaminasyon. Blesi yo pa fèmen sitou poutèt gwo risk enfeksyon dwe sibi fèmti primè retade; men se pèsònèl medikal ki kalifye ki pou fè fèmti sa a avèk teknik esterilize.
- Reitre tisi devitalize ak objè ki ladan yo anvan w repare blesi yo si, se pa sa, sa ka ogmante chans pou enfeksyon.
- Koupe cheve oswa pwèl ki toupre blesi a, si sa nesèsè. Li pa nesèsè pou raze cheve oswa pwèl yo, paske sa ka ogmante risk enfeksyon blesi a.

- Kouvri blesi yo avèk pansman ki sèch; blesi ki pi pwofon yo ka bezwen yo boure yo avèk gaz ki tranpe nan solisyon saline e yo ka bezwen yo kouvri yo avèk anpil pansman sèch.
- Si gen enfeksyon ki devlope, gade nan seksyon ki make « **Konsèy sou Jesyon Enfeksyon Blesi** » (ki pi ba a).
- Suiv direktiv pou pwofilaksi tetanòs yo pou tout pasyan ki blese yo.
- Suiv direktiv sou prevansyon tetanòs yo.

## Lòt bagay pou n konsidere

- Toujou veve lòt blesi kay pasyan ki gen nenpòt blesi (plè).
- Asire w ou refere pasyan an kay bon doktè a, ke w kontinye suiv li, e ke w fè re-evalyasyon, depi sa posib.
- Dlo sal, tè ak sab ka lakòz enfeksyon. Blesi yo ka vin kontamine menm avèk ti kantite pousyè toupiti.
- Blesi ou genyen lè yon bagay pike w ka gen ti mòso rad ak debri ladan yo e sa ka bay enfeksyon.
- Blesi moun pran lè yon bagay kraze yo gen plis chans pou yo pran enfeksyon pase blesi moun pran akòz fòs sizayman.

## Konsèy sou Jesyon Enfeksyon Blesi

Pifò enfeksyon blesi fèt akòz bakteri staphylococcus ak bakteri streptococcus. Gen anpil chans yo ka devlope menm apre siklòn lan.

- Pou tretman inisyèl antimikwòb pou blesi enfekte yo, antibyotik beta-laktamin avèk aktivite anti-stafilokòk (cephalexin, dicloxacillin, ampicillin/sulbactam, elatriye) ak clindamycin se yo ki rekòmande.
- Tanpri remake, deplizanpli gen moun ki nan kominote yo ki genyen enfeksyon sou po ak enfeksyon nan tisi mou yo e se bakteri *Staphylococcus aureus* (MRSA) ki rezistan a methicillin lan ki lakòz yo. Enfeksyon ki prezante akòz mikwòb sa a pap reyaji a tretman avèk antibyotik beta-laktamin e si pasyan an pa reyaji lè w administre terapi sa a, se pou konsidere gen chans ke se enfeksyon sa a li genyen. Pami tretman pou yo konsidere pou enfeksyon MRSA sa yo ki prezante nan kominote yo, yo ka konsidere trimethoprim-sulfamethoxazole (oral) oswa vancomycin (entravenez [nan venn]). Yon lòt opsyon pou konsidere tou se Clindamycin, sepandan se pa tout izolat yo ki siseptib.
- Ensizyon ak drenaj nenpòt koleksyon soukitane (anba po) pi (nan absès) se yon eleman enpòtan tou nan tretman enfeksyon blesi.

## Konsiderasyon Espesyal ki Gen Rapò avèk Kontaminasyon Blesi lè Dlo Rantre Ladan l

Lè blesi yo kontamine avèk dlo (dlo dous oswa dlo lanmè) mikwòb ki nan dlo yo ka koze enfeksyon. Byenke sa pa rive souvan pou mikwòb sa yo koze enfeksyon, menm apre inondasyon, se pou n konsidere posiblite sa a kay pasyan ki pa gen reyaksyon apre terapi

inisyal ki dekri pi wo yo. Men kèk nan mikwòb ki nan dlo yo ki leplisouvan koze enfeksyon sa yo: *Aeromonas* spp., non-cholera *Vibrio* spp. epi dèfwa *Pseudomonas* oswa lòt batonè Gram negatif.

Trimethoprim/sulfamethoxazole, amoxicillin/clavulanate ak antibyotik fluoroquinolone ki pi resan yo (levofloxacin, moxifloxacin, gatifloxacin) ap trete *Aeromonas* epi antibyotik fluoroquinolone ap trete tou *Pseudomonas* ak anpil lòt patojèn Gram negatif.

Klinisyen yo dwe konsidere *Vibrio* kòm mikwòb ki ta ka lakòz enfeksyon blesi ki fèt nan dlo kotye oswa nan pran kontak avèk kristase oswa nenpòt bagay ki nan lanmè a. Enfeksyon blesi ki prezante akòz *Vibrio vulnificus* ka mande mizapla (debridman) ekstansif e to mòtalite a ka wo. Enfeksyon sa yo manifeste souvan avèk lezyon bile (ki gen anpoul) ki ka koze emoraji. Moun ki deja gen maladi epatik (maladi fwa) oswa lòt maladi ki ka mete sistèm iminitè a andanje gen plis risk pou yo genyen enfeksyon *Vibrio vulnificus*. Si w sispèk se enfeksyon sa a pasyan an genyen, rekòmandasyon an sèke se pou w trete pasyan an avèk yon konbinezon ceftazidime ak doxycycline.

## **Sous enfòmasyon an:**

*6th Edition Emergency Medicine: A Comprehensive Study Guide, 2004*

34 th Edition. *The Sanford Guide to Antimicrobial Therapy, 2004*